mashg‘ulotlari orqali estetik elementlar tarkib topib boradi.

To‘rtinchidan, mamlakatni, xususan Mustaqil O‘zbekistonning Jahon hamjamiyatidagi nufuzini oshirishda fan va texnika, ishlab chiqarishning barcha sohalari bilan bir qatorda madaniyat, san’at va sportning o‘rni alohida ajralib turadi. Shu bois o‘quvchi – yoshlarda, jismoniy tarbiyaga bo‘lgan qiziqish keskin oshib bormoqda. Bu qiziqishni tarbiyaning zabardast vositasi sifatida e’tiraf etgan holda uning mazmuni va yo‘nalishini boyitish, uning negizida jismoniy kamolot bilan bir qatorda estetik tarbiya ham yotishiga erishish, unda estetik ko‘rsatkichlaridan oqilona foydalanish ijtimoiy-pedagogik muammo sifatida maxsus tadqiqot o‘tkazishni talab etadi.

Beshinchidan, bu shubhasiz ijtimoiy pedagogik muammo sifatida muntazamlik kasb etadi. Zero, jamiyat, insoniyat tinimsiz taraqqiyotda bo‘lganligi bois uning har bir bosqichi uchun pedagogika fani yangi muammolarni hal etishda davom etaveradi.

Va nihoyat, pedagogika nazariy-ijtimoiy fan sifatida o‘z sohasining istiqbolini belgilab boradi. Bu istiqbolni belgilovchi ilmiy gipotezalar, g‘oyalar, konsepsiyalar shaklida bo‘lishi mumkin. Bular ham ijtimoiy buyurtma sifatida pedagogika fanining zimmasiga muhim dolzarb muammolarni yuklaydi. Jismoniy tarbiya darslari va sinfdan tashqari mashg‘ulotlarda o‘quvchilarni estetik tarbiyalash ham ijtimoiy-pedagogik muammolar tizimining tarkibiy qismidir. Zero, barkamol shaxs tarbiyasida mana shu tizim, majmua elementlarini har birining o‘z o‘rni bor. O‘quvchilarni jismoniy va estetik tarbiyalash ham bundan mustasno emas.

**Adabiyotlar**


1. Махмудов Б.А. Милий ҳаракатли ўйинлар воситасида бошланғич синф ўкувчиларини эстетик тарбиялашнинг дидактик имкониятлари. 13.00.01. – п.ф.ф.д., дисс. –Нукус: 2018. 36- б.
2. Хожимирзаев А.Д. Жисмоний тарбия дарсларида ва синфдан ташқари машғулотларида ўсмирларни эстетик тарбиялаш: педагогика фанлари номзоди илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. -Т.: Қори Ниёзий номли ЎзПФТИ, 2002.169-б.



**REZYUME.** Mazkur maqolada jismoniy tarbiya mashg‘ulotlarida o‘quvchilarga estetikaga oid tasavvurlarni shakllantirish va unga bo‘lgan qiziqishlarni faollashtirish ijtimoiy-pedagogik muammo sifatida ta’lim amaliyotidagi ahvoli va uning yechimlari borasida fikrlar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены некоторые идеи о ситуации в образовательной практике и её решениях, как социально-педагогической проблеме формирования представлений студентов об эстетике и активизации их интересов на занятиях по физическому воспитанию.

**SUMMARY.** This article presents ideas about the situation in educational practice and its solutions, as a socio-pedagogical problem of forming students' ideas about aesthetics and activating their interests in physical education classes.


## КРИТИКАЛЫҚ ПИКИРЛЕЎДИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ТЕХНОЛОГИЯСЫН ҚОЛЛАНЫЎ АРҚАЛЫ ЖАСЛАРДА КИТАП ОҚЫЎҒА БОЛҒАН ҚЫЗЫҒЫЎШЫЛЫҚТЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ


**Э.Н.Ешниязова** – *филология илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** идрок, образ, клиплик фикрлаш, танқидий фикрлаш, ёзув, ўқиш.

**Ключевые слова:** восприятие, образ, клиповое мышление, критическое мышление, письмо, чтение.

**Key words:** perception, image, clip thinking, critical thinking, writing, reading.


Ҳәзирги глобалласыў дәўиринде жаслардың китап оқыўға болған қызығыўшылығын арттырыў ең әҳмийетли мәселелер қатарынан орын алмақта. Бул мәселеге Ҳүкимет дәрежесинде де айрықша дыққат аўдарылмақта, мәселен, Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев жаслардың китапханлық мәдениятын раўажландырыў бағдары бойынша ПҚ-№ 3271 «Китап өнимлери баспадан шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыў ҳәм китапқумарлық мәдениятын асырыў ҳәм пропагандалаў бойынша комплекс ис илажлар дәстүри туўралы» Қарарын 2017-жылы 13-сентябрь күни қабыл еткен еди. Қарарда келтирип өтилгениндей: «Бул бағдарда жәмийет турмысындағы ең унамлы қәдирияtлар менен дәстүрлерди тереңлестириўге, айрықша, халқымыз, әсиресе, жас әўладтың руўхый-интеллектуал потенциалын, ой-санасын ҳәм дүньятанымын кеңейтиўде, ана Ўатаны ҳәм халқына муҳаббат ҳәм садықлық туйғылары менен жасайтуғын бәркамал әўладты тәрбиялаўда әҳмийетли болатуғын китапханлық саўатлылығын асырыўға айрықша итибар қаратылмақта» [1].

Әлбетте, бул мәселеге айрықша итибарды ата-ана менен биргеликте билимлендириў мәкемелери қаратыўы керек. Китап оқыўға болған қызығыўшылық системалы түрде алып барылыўы тийис болған ис илажлар нәтийжесинде әмелге асырылады.

Ҳәзирги дәўирде муғаллим ҳәр бир оқыўшыда китап оқыўға болған қызығыўшылықты пайда етиў ушын сабақ процесинде түрли заманагөй педагогикалық технологиялардан пайдаланыўы тийис, сондай-ақ, билимлерди өз бетинше ийелеў мүмкиншиликлерин жаратыўшы универсал оқыў ҳәрекетлери жыйындысын қәлиплестириўи керек, сол арқалы оқыўшылардың оқыў искерлигин өз бетинше шөлкемлестире алыў қәбилетлери тәмийинленеди.

Бүгинги күн мектеп оқыўшыларын, жоқары оқыў орынлары талабалары интернет тармағы менен жүдә күшли қызығыўы нәтийжесинде олардың дүньятаныўы тек жүдә қысқа, жарқын образлар арқалы жүзеге асады, бундай пикирлеўди «клиплик» деп те атайды. Клиплик пикирлеўде бизди қоршаған дүнья кишкене бөлекшелерден турыўшы мозаикаға айналады, оларды бириктирип турыўшы фактлер болмаўы да мүмкин. Сол себепли айырым жаслар көркем шығарманың тийкарғы идеясын түсиниўде қыйыншылықларға ушырасады, көркем шығарманы тек үстиртин ғана түсинеди, оның астарлы мәнисин, терең мазмунын түсинбейди.

Өспиримлер бос ўақытларын көбирик ҳәр түрли гаджетлер менен өткереди. Кишкене ўақтынан ҳәр қыйлы гаджетлерден пайдаланған жасларымыз заманагөй технологияларды жүдә жақсы биледи. Жана информациялық технологиялардан пайдаланыў жасларда әмелий характерге ийе: олар мағлыўматларды «табады», «тартып алады». Ал, көркем шығармалар болса жасларымыздың санасында авторсыз яки болмаса шығарманың дөрелиў дәўиринен тысқарыда қалып, анализлеўдиң кейинги планында қалып қояды.

Жасларымыздың қызығыўшылықларын талқылап көрсек, олардың бос ўақытларын қалай өткериўин бақлайтын болсақ, биринши нәўбетте, социал тармақлардағы дослары менен сөйлесиў, музыка тыңлаў, заманагөй фильмлерди көриў, ең соңғы гезекте, сабақ таярлаў ямаса китап оқыў турады.

Бақлаўлардан келип шығатуғын жуўмақ, оқыўшы яки талаба әдебият сабақларына таяр емес ҳалатында келеди, себеби, көркем шығарманың анализи ушын сол шығарманың өзин талаба оқып шыққан болыўы керек. Лекин, оқыўшы яки талаба жүдә аз муғдардағы жумысты орынлап, жоқары баҳаға ериспекши болады.

Жоқарыдағыларды есапқа алған ҳалда, бүгинги күнги жасларды информациялық кеңислик шараятларында көркем шығарманы оқыўға қызығыўшылықты асырыў жүдә қыйын. Бизиң пикиримизше, бул пикирлеў дәрежесиниң, әсиресе, критикалық пикирлеў дәрежесиниң

төменлиги менен тығыз байланыслы деп ойламыз.

Клиплик пикирлеў қәўиплери: пикирди бир жерге жәмлеў қыйыншылық туўдырады, мәселен, оқыўшы әпиўайы үй тапсырмасын орынлаў ушын бир қанша саатларды сарплайды, себеби, ол бәркулла басқа нәрселерге дыққатын бөлип, пикирлерин жәмлей алмайды. Екиншиден, анализ жасаў қыйыншылығы, пикирди баянлаўда логика жоқ, тийкарғы пикирди анықлай алмай, жуўмақ жасай алмайды. Буннан үлгеримниң төменлиги келип шығады, оқыған китабының мазмунын түсинбейди яки оқығанлары ҳәм муғаллимлердиң түсиндиргенлерин тез ядынан шығарады. Клиплик пикирлеўши инсанлар тәсирлерге жүдә тез бериледи, оларды басқарыў аңсат, олардың көз алдында бир қанша эмоциональ образларды көрсетиўдиң өзи жеткиликли. Сондай-ақ, бундай пикирлеўши инсанларда айналасындағыларға немқурайлық сезиледи. Олар биреўлердиң қайғыларына узақ ўақыт даўамында шерик болып, қайғысын бөлисе алмайды, бундай адамлар кеўилсиз жағдайларды дәрхал умытып кетеди, себеби, олардың көбирек дыққатын тартатуғын дүнья жүзлик интернет тармақларында басқа бир жаңалықлар жүз береди.

Ал, критикалық пикирлеў болса ҳәзирги дәўир инсаны ушын жүдә зәрүр, себеби, биз жаңа дәўирде билиў мәдениятының өзгеше көриниси менен жасап атырмыз.

Демек, биз жасларымызды клиплик пикирлеўден критикалық пикирлеўге қарай мүмкиншиликлерин раўажландырып барыўымыз тийис. Әлбетте, бундай ҳәрекет жаслардың өз қәлеўлери менен әмелге асырылыўы тийис. Солай болса да, клиплик пикирлеўден алға раўажланыў ушын айырым усынысларымызды келтирип өтпекшимиз: бириншиден, көркем шығармаларды оқыў ҳәм ески фильмлерди көриў, комикслер емес, социаль тармақлардағы постлар емес, ал классикалық әдебият ўәкиллериниң дөретпелерин оқыў тийис. Әлбетте, дәслеп көлемли шығармаларды оқыў қыйыншылық туўдырады, лекин, мазмунды түсинип оқыўға ҳәр күни белгили бир ўақыт ажыратып, кейин оқыўға ажыратылған ўақытты көбейтип барыў мақсетке муўапық болады. Екиншиден, баян ямаса шығарма жазыў усыныс етиледи, себеби, баян жазыў арқалы өзгелердиң пикирлерин жеткерип бериўди үйренсек, шығарма арқалы өз пикирлеримизди жеткерип бериў мүмкиншилигине ийе боламыз. Бул жумысты орынлаўға көнликпелер пайда етиў ушын, алдымызға ўазыйпа қойыўмыз керек, мәселен, ҳәр күни ең кеминде бир беттен шығарма жазыў, жазғанларымызды ата-анамызға, устазларымызға көрсетип турыўымыз мүмкин, себеби, олар бизиң кемшиликлеримизди көрсетип бере алады. Егер, көркем шығармалар бойынша баян, шығарма жазыў қыйын болса, ондай жағдайда күнделик жазыўға болады, себеби, жазыў арқалы инсан өз пикирлерин бир жерге жәмлеп, тәртипке келтиреди. Үшиншиден, бир тәреплеме пикирлеўдиң алдын алыўға ҳәрекет етиң, ҳәр қандай мағлыўматтың, ҳәр қандай ҳәрекеттиң унамлы ҳәм унамсыз тәреплерин табыўға ҳәрекет етиң, сол арқалы баҳалаўды үйрениң, бул клиплик пикирлеўден қутылыўға жәрдем береди. Төртиншиден, арасында барлық технологиялардан қутылып, өзлериңизге дем алыс шөлкемлестириң. Телефон, компьютер, телевизордан бас тартып, китап оқың, сүўрет салың, досларыңыз бенен тәбият қушағында дем алың, себеби, усы ҳәрекетлер арқалы информациялар шаўқымынан қутылыў мүмкиншилиги жаратылады.

Критикалық пикирлеў терминине жергиликли илимпазларымыз Л.Ахмедова ҳәм Е.Лагайлар төмендегише анықлама береди: мағлыўматты логикалық жақтан таллаў мүмкиншилиги, мағлыўмат пенен таныса отырып, жаңа сораўларды қоя билиў, ҳәр қыйлы аргументлерди келтире билиў, сондай-ақ, өз бетинше, терең ойланылған шешимлерди қабыллай алыў уқыплылығы болып табылады [2:209].

Оқыў ҳәм жазыў арқалы критикалық пикирлеўди раўажландырыў заманагөй педагогикалық технологиясы билимлендириў процесиндеги бир қатар машқалаларды шешиўи мүмкин. Мысалы, усы технология пайдаланылған ҳалда өтилген сабақларда оқыўшы яки талаба түрли қубылыслар арасындағы уқсаслықлар менен айырмашылықларды салыстырыў нәтийжесинде анықлай алады, оларды өзиниң жеке тәжирийбеси менен салыстыра отырып, мағлыўматларды толығы менен түсинип жетеди. Критикалық пикирлеўди раўажландырыў технологиясының жүдә көплеген метод ҳәм усыллары белгили, бул метод ҳәм усыллар бүгинги күни көпшилик тәжирийбели оқытыўшыларымыз тәрепинен утымлы пайдаланылып келмекте, олардан класстер, мийге ҳүжим, екиге бөлинген дәптер, синквейн ҳәм т.б. атап өтиўимиз мүмкин.

Мәселен, оқытыўшы тәрепинен тек ғана «Блум ромашкасы» усылын қолланыў арқалы оқыўшыларда яки талабаларда көркем шығарманы оқыўға болған қызығыўшылығын арттырыўымыз мүмкин.

«Блум ромашкасы» усылы алты түрли сораўдан турады, сораў алтаў болғаны менен оған жуўап жүдә көп болыўы мүмкин. Илимпаз И.Загашев сораўларды төмендегише классификациялайды: әпиўайы сораўлар, анықлық киргизиўши сораўлар, интерпретациялық сораўлар, баҳалаўшы сораўлар, дөретиўшилик сораўлар, әмелий сораўлар [3:55].

Сораўлардың түрли типлери сананың белгили бир бөлегиниң жумысын актуалластырады, мәселен, әпиўайы сораўлар фактлерди билиўди нәзерде тутады, яғный, адамның ядлаў қәбилетиниң актив жумыс ислеўи ушын зәрүр болып табылады.

Сораўлардың анықлық киритиўши түрин қолланыўда ҳәр бир адамның индивидуаллығы есапқа алынады, мәселен, бир қубылысты, яки бир мағлыўматты ҳәр бир адам өз проблемалары көзқарасларынан қабыл етеди. Демек, сәўбетлесип атырған еки адамның мағлыўматты қабыл етиўинде айырмашылықлар болыўы мүмкин, оқытыўшы өз оқыўшысының көзқарасларын түсинип жетиўи ҳәм мағлыўматты дурыс қабыллаўды әмелге асырыў ушын анықлық киритиўши сораў түрин пайдаланыў мүмкин.

Интерпретациялық сораўлар көркем шығармаларды үйрениў барысында нәтийжели қолланылса болады, мәселен, шығарма қаҳарманының ҳәрекетин оқыўшы қалай түсинеди, бул жерде оқыўшы көркем шығармаға таллаў жасайды.

Көркем шығарманы таллаў барысында баҳалаўшы сораўлардың да үлкен әҳмийети бар. Мәселен, көркем шығарма қаҳарманын ямаса оқып шыққан үзиндиге сизиң қатнасыңыз, сиз қаҳарманға яки үзиндиге қандай баҳа бересиз. Деген менен бул сораўлар өз орнында қолланылыўы тийис, болмаса оқыўшылардың мәселеге болған қызығыўшылығы төменлеп кетиўи де мүмкин, яғный, сораўларды орынлы пайдаланыў да муғаллимниң шеберлигине байланыслы болады.

Дөретиўшилик сораўлар болса оқыўшылардың қыялын раўажландырады, бундай сораўларға жуўап бериў ушын оқыўшы өз фантазиясын әмелге асырыўы керек болады.

«Ромашка Блум» усылындағы ең соңғысы әмелий сораў болып, көркем шығарма менен танысып болғаннан соң оқыўшы шығарма бойынша өз жуўмақларын жасайды. Сизиң пикириңизше, бул жағдайда қандай шешим қабыл еткен мақсетке муўапық болар еди, егер сизиң өмириңизде усындай жағдайлар жүз берсе, Сиз қандай шешим қабыл еткен болар едиңиз сыяқлы сораўлар арқалы оқыўшының критикалық пикирлеўин раўажландырыў мүмкин.

Критикалық пикирлеўди раўажландырыў технологиясы тийкарында сабақ өтиў нәтийжесинде үйрениўши мағлыўматларды ҳәр тәреплеме таллаў усылла-

рын ийелейди, өзинен алдыңғы өткен тәжирийбелерди түсинип жетиў арқалы мәселелер бойынша жеке пикирлерин қәлиплестириўди, пикирлерин логикалық жақтан дурыс ҳәм анық жеткериўди, әтирапындағы инсанлар менен мәдениятлы түрде дискуссияға түсиў сырларын үйренеди.

Жуўмақластырып айтқанда, ҳәзирги дәўирде муғаллимниң алдында оқыўшының китап оқыўға болған қызығыўшылығын раўажландырыў, билим алыўға болған ықласын тәрбиялаў, билиў искерлигине болған қызығыўшылықты күшейтиў сыяқлы әҳмийетли ўазыйпа турады [4:206].

**Әдебиятлар**

1. Постановление Президента Республики Узбекистан, от 13.09.2017 г. № ПП-3271
2. Ахмедова Л.Т., Лагай Е.А. Современные технологии преподавания русского языка и литературы. –Т.: «Фан ва технология», 2016.
3. Загашев И.О., Заир-Бек С.И., Муштавинская И.В. Учим детей мыслить критически. СП., 2003.
4. Ешниязова Э.Н. Внеклассная работа по литературе. //Science and innovation international scientific journal volume issue 8. –С. 1206-1209. https://doj.org/10.5281/zenodo.7423812

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада ёшларда фикрлашининг ўзига хос хусусиятлари таҳлил қилинади, фикрлашнинг клиплик турининг спецификасига тавсиф берилади, шунингдек, танқидий фикрлашни ривожлантириш технологиясини қўллаш орқали ёшларнинг бадиий асарларни ўқишга қизиқишини шакллантириш масалалари ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье проанализированы особенности мышления современной молодежи, охарактеризована специфика клипового мышления, также, рассматриваются вопросы формирования интереса к чтению художественной литературы у молодежи через применение технологии развития критического мышления.

**SUMMARY.** This article analyzes the features of the thinking of modern youth, characterizes the specifics of clip thinking, and also discusses the issues of developing interest in reading fiction among young people through the use of technology for the development of critical thinking.

## КАРЛ ПОППЕРНИНГ МЕТОДЛАР ТЎҒРИСИДАГИ ТАЪЛИМОТИ

**А.Ҳотамов –** *фалсафа фанлари номзоди, доцент*
*Жиззах давлат педагогика университети*

**Таянч сўзлар:** метод, методология, индукция, дедукция, гипотеза, назария, табиий фанлар, ижтимоий фанлар, назарий фанлар, тарихий фанлар, тушунтириш, тасвирлаш.

**Ключевые слова:** метод, методология, индукция, дедукция, гипотеза, теория, естественные науки, общественные науки, теоритические науки, исторические науки, объяснение, описание.

**Key words:** method, methodology, induction, deduction, hypothesis, theory, natural sciences, social sciences, theoretical sciences, historical sciences, explanation, description.

Карл Раймунд Поппер (1902-1994) англиялик файласуф ва социолог. XX аср фан фалсафасининг энг йирик вакили, постпозитивизм фалсафасининг асосчиси.

Поппер ўз илмий-фалсафий фаолиятида методологик масалаларга асосий эътибор қаратади. Ва ўзига хос фан фалсафаси ва методологиясини яратишга уринади. У аввало, фанда индуктив методнинг мутлақлаштирилишига қарши чиқади. Дедуктив мазмунга эга бўлган методларнинг илмий билишдаги ўрнини кўрсатиб беришга ҳаракат қилади. Поппер индукция ва дедукцияни таҳлил қила туриб, уларнинг мутлақлаштирилишини, уларга бир ёқлама қарашларни танқид қилади. Унинг фикрича, дедуктивизм ва индуктивизм ўртасидаги муносабат кўп жиҳатдан рационализм ва эмпиризм ўртасидаги классик қарама-қаршиликка ўхшаб кетади. Декарт дедуктивист эди, чунки у барча фанларни дедуктив системалар деб ҳисоблаган. Бэкон эса эмпирист эди, негаки у барча илмий билимлар тажриба, индукция ёрдамида вужудга келади, деб ҳисоблаган эди. Декарт дедуктив системалар принциплари, асослари ишончлилиги ва аниқлилигига мутлақо шубҳаланмаган. Чунки файласуф уларнинг асоси илоҳий ақл соҳибига бориб тақалашига ишонар эди. Кант тили билан айтганда, улар синтетик ва априор ҳақиқат ҳисобланади. Менинг фикримча, дейди Поппер, улар илк (олдиндан айтилган) фаразлар ёки гипотезалардир [1].

Принцип жиҳатидан олганда бундай гипотезалар рад қилинади, дейди Поппер. У мана шу муносабатда А.Пуанкаре ва П.Дюгем каби дедуктивистларнинг қарашларини таҳлил қилади. Уларнинг иккови ҳам, дейди Поппер, физик назариялар индуктив умумлашган бўлмайди, деб ҳисоблашишади. Аксинча, уларнинг қарашларига кўра, бу умумлашма учун гўё илк нуқта бўлган ўлчов, назария тарзидаги шарҳ бўлиб ҳисобланади. Улар нафақат индуктивизмни, балки принцип ёки аксиомаларнинг синтетик априор чинлигига бўлган рационал ишончни ҳам инкор қиладилар. Пуанкаре учун бу - таърифларга ўхшаш бўлган аналитик ҳақиқатлардир. Дюгем учун эса бу - индукция ёрдамида олинган экспериментал қонунларни тартибга солувчи восита, инструментдир. Демак, назариялар мазмунан чин ҳам, хато ҳам эмас. Улар фақат инструментлардир, чунки улар фақатгина ўнғай ёки ўнғайсиз, тежамли ёки тежамсиз, эгилувчан ва нозик ёки ғализ ва беўхшовдир. Мен, дейди Поппер, бу олимларнинг индуктивизмни инкор қилишларига ҳамда физик назарияларнинг синтетик априор чинлигига ишончларига тўла қўшиламан. Аммо, дейди файласуф, мен уларнинг назарий системаларни эмпирик текшириб бўлмаслиги тўғрисидаги фикрларига қўшилмайман. Менинг фикримча, уларнинг баъзиларини текширса бўлади, яъни улар принцип жиҳатидан рад этилиши мумкин, шунинг учун ҳам улар синтетик (аналитик эмас), эмпирик (априор эмас) ва информатив (соф инструментал эмас) ҳисобланади [1].

Поппер ўз методологик таълимотида барча фанлар методларининг умумий бирлиги масаласига эътибор қаратади. Унинг фикрича, барча назарий ёки умумлаштирувчи фанлар (уларнинг табиий ёки ижтимоий фан бўлишидан қатъий назар) бир хил методлардан фойдаланади. Мен, дейди Поппер, бу билан табиат тўғрисидаги ва жамият тўғрисидаги назарий фанлар методлари ўртасида ҳеч қандай фарқ йўқ, деб уқтирмоқчи эмасман. Бундай фарқ ҳатто, табиий назарий фанлар, худди шундай ижтимоий назарий фанлар ўртасида ҳам мавжуддир. Аммо, мен, дейди Поппер, Конт, Милль, К.Менгер сингари олимларга қўшилган ҳолда икки соҳадаги назарий фанлар методлари ўз моҳиятига кўра, бир хилдир, деб айта оламан (мен назарда тутган методлар, Конт ва Милль назарда тутган методлардан фарқ қилиши мумкин). Улардаги бирлик дедуктив сабабий тушунтиришнинг илгари сурилиши ва уларни текширишдан (башоратни текшириш орқали) иборатдир. Баъзида у гипотетик метод дейилади, негаки у ўзи томонидан текширилган илмий қоидаларнинг мутлақ ишончлилиги ҳақида маълумот бермайди. Илмий муҳокамалар бир қатор жиддий текширувлардан ўтган бўлса ҳам, доимо илк гипотезалик мазмунини сақлаб қолади. Кўпчилик